Edisyon pou lekti | 2026-11-20

Jesyon risk PHP nan enstitisyon finansye

Adrian Dunkley | 2026-10-23

Gid pou oktòb 2026 la mande pou idantifye sèvis ki depann de PHP, responsab yo ak founisè ki patisipe. Responsab la kenbe enfòmasyon sou vèsyon li obsève a, dat la, limit chanjman an ak prèv founisè a bay.

Tradiksyon konplè edisyon pou moun ki responsab sipèvizyon ak kontinite a, 20 novanm 2026. Adrian Dunkley, StarApple AI ak Konsèy Karayibeyen pou Jesyon Risk IA. Edisyon an baze sou vèsyon 1.8 ki te soti 23 oktòb 2026.

Idantifye ki sèvis ki depann de PHP

Chwazi yon responsab pou bò operasyon ak yon responsab teknik pou chak sèvis kliyan ki konsène. Mete aplikasyon founisè dirije ak anviwònman sekou yo ladan tou. Ekri vèsyon ki enstale a, dat obsèvasyon an, anviwònman an ak moun ki responsab sa yo jwenn nan. Yon sistèm ka depann de yon lojisyèl enstitisyon an pa dirije li menm. Mande founisè a prèv sou sèvis enstitisyon an sèvi avè l vre.

Fè diferans ant ekspozisyon, entèripsyon ak aksè san otorizasyon

Lè gen yon pwen fèb, sa mande yon evalyasyon. Yon avi piblik pa pwouve yon enstitisyon finansye presi pèdi done oswa gen moun ki antre san otorizasyon. Sèvis ka koupe tou si yon operatè sispann li kòm prekosyon. Note sa yo obsève, kesyon ki rete san repons ak pwochen etap verifikasyon an apa.

Teste retablisman an ak yon operasyon kliyan

Suiv pwosesis chanjman enstitisyon an pou teste reparasyon an, konfime li aktif epi ekri rezilta a. Mete yon operasyon nòmal yon kliyan ka fini, prèv ki soti nan sèvis k ap fonksyone a ak yon verifikasyon sou anviwònman sekou a. Apwobasyon yon demann chanjman poukont li pa ka montre sèvis repare a mache byen.

Swiv kontinite ak risk ki rete

Kenbe yon rejis entèripsyon sèvis yo, lòt chemen kliyan yo ka pran ak responsab retablisman an. Sèvi ak echèl risk lokal ki deja apwouve a epi mande responsab la revize ekspozisyon ki rete a. Konsève prèv ki te sèvi pou desizyon yo, kominikasyon yo ak fèmti dosye a.

Kisa edisyon sa a kouvri

Edisyon sa a rezime direktiv pou jesyon yo. Dokiman orijinal la gen anèks teknik, fich travay ak yon mizajou sou yon avi nan epòk la. Edisyon sa a pa evalye yon enstitisyon presi. Verifye enfòmasyon aktyèl founisè a anvan pran nenpòt desizyon teknik. Konsèy la fè pati Asosyasyon Karayibeyen pou IA.

Referans

NIST Cybersecurity Framework

Edisyon anglè a (PDF)